



Pou Piblikasyon Imedya: 16/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GRAN OUVÈTI OFISYÈL NOUVO KATYE JENERAL  
POU REALEATS NAN KONTE ONTARIO**

***Sèvis livrezon manje fre demenaje pou vini nan yon etablisman pwodiksyon  
80,000 pye kare nan Vil Geneva***

***Pwojè a ap konplèman "Finger Lakes Forward" - ki se estrateji global rejyon an  
pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gran ouvèti ofisyèl etablisman pwodiksyon sèvis livrezon manje RealEats ki mezire 80,000 pye kare ki sitiye nan 1 Montmorency Way Route 5 & 20) nan Vil Geneva, Konte Ontario. Sitiye okòmansman nan Geneva Enterprise Development Center, yon enkatè biznis lokal, RealEats pral pwodwi ak ekspedye repa fre ki soti nan fèm ki konplètman kwit, epi ki pèsonalizab soti nan nouvo lokal Geneva a, kote li anplwaye kounye a apeprè 160 moun. Agrandisman sa a bati sou sektè dinamik nan agrikilti ak transfòmasyon alimantè rejyon Finger Lakes yo, yon pati santral nan plan devlopman ekonomik Finger Lakes Forward ki fèt nan rejyon an.

"Yo konnen Eta New York nan mond lan paske li gen kèk nan pi bon pwodwi alimantè yo nan mond lan, epi endistri agrikòl la se yon pati enpòtan nan ekonomi tout eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè n kontinye devlope envestisman nou yo nan konpayi ki pote siksè tankou RealEats, n ap ranfòse antrepriz demaraj ki konsantre sou avni endistri agribiznis la. Nou angaje nou pou nou ankouraje ide inovan sa yo, pou nou ranfòse kwasans travay, epi pou nou ranfòse davantaj ekonomi rejyon an ak nan tout eta a."

Fonde an 2017, RealEats distribiye manje ki an sante, ki kontwole an pòsyon, ki kwit pa chèf kuizin dirèkteman nan kay atravè pi fò kote nan Etazini. RealEats te chwazi New York, epi espesyalman Geneva, pou ekspansyon li, akòz pozisyon santral li nan rejyon agrikòl Finger Lakes ki renome nan mond lan. Geneva se lakay Sant Ekselans nan Manje ak Agrikilti (Center of Excellence in Food and Agriculture) nan Cornell AgriTech - premye etablisman inik ki rasanble plizyè patnè pou katalize devlopman biznis nan agrikilti ak endistri alimantè yo nan New York.

**Dan Wise, Prezidan & Direktè Egzekitif Jeneral Konpayi a, te deklare,** "Nou gen plis chans pou nou jwenn yon kay nan Finger Lakes, kote tout manje reyèl la ye. Mwen pa

te kapab anvizaje ke yon lide pou rezoud dilèm dine fanmi mwen ta vin tounen yon patenarya piblik-prive enpòtan ki dedye pou bati yon pi bon avni alimantè. Nou sensèman rekonesan pou asistans enkwayab ki soti nan Empire State Development, Eta New York, Konte Ontario, Vil Geneva, Sant Ekselans pou Manje ak Agrikilti nan Cornell AgriTech, ak sipò fòmèdab investisè nou yo, Fon Retrèt Komen Eta New York (New York State Common Retirement Fund) la, Hamilton Lane, Armory Square Ventures, Excell Partners ak GNC, ki te enpòtan anpil pou ekspansyon nou an. Kolaborasyon inik sa a te pèmèt RealEats kreye 160 nouvo djòb lokal, fè envèstisman enpòtan tounen nan kominote nou an, epi ede moun atravè tout peyi a jwi avanaj nitrisyonèl ki genyen nan manje reyèl ki an sante."

Empire State Development te deja sipòte kwasans kontinyèl RealEats nan Geneva atravè yon sibvansyon 500,000 dola, ak yon envestisman 2.45 milyon dola pa Excell Partners, ki jere FLXFWD Venture Fund, ki te sipòte pa Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative) a. Yo bay jiska 3 milyon dola tou atravè Pwogram Kredi Taks Excelsior Jobs ki baze sou pèfòmans la an echanj ak angajman pou travay yo te pwomèt yo. Konpayi an genyen tou distenksyon kòm gayan 1 milyon dola, premye tou nan konkou biznis agwo-alimantè Grow-NY ki dedye nan kwasans yon gwoup inovasyon dirab nan endistri agwo-alimantè a nan rejyon Finger Lakes, New York Santral ak rejyon Southern Tier nan Eta New York yo.

Anplis de sa, atravè Pwogram Investisman Ekite Prive nan Eta a, Kontwolè Eta Thomas P. DiNapoli te investi 7.8 milyon dola nan RealEats nan senk envestisman separe atravè patnè li yo, Armory Square Ventures ak Hamilton Lane. Fon pansyon eta a te investi 1.6 milya dola nan plis pase 500 konpayi atravè pwogram ekite prive sa a, ki te jenere yon to randman entèn 10% depi 2001. Fon Retrèt Komen Eta New York la fè patenarya ak konpayi envestisman yo pou investi nan konpayi prive New York yo.

**Komisè ak Prezidan, ak Direktè Egzekitif Jeneral Empire State Development Ian, Hope Knight te deklare,** "Ekspansyon kontinyèl konpayi inovan sa a nan Konte Ontario a se yon bon nouvèl, sitou lè nou teni kont bourad li bay kiltivatè lokal yo ki soti nan angajman kontinyèl RealEats pou itilize manje ki soti nan rejyon an nan manje ke chèf kuizin yo prepare yo. Endistri agrikòl New York la se 'seriz sou gato a' nan siksè RealEats ak nan ekonomi nan tout eta nou an, epi pa gen pi bon kote pou konpayi an ranfòse 'rasin' li yo ak 'grandi' biznis li pase nan bèl rejyon, abondan Finger Lakes la."

**Kontwolè Eta a, Thomas P. DiNapoli, te deklare,** "RealEats se yon istwa siksè lokal nan New York. Li satisfè demann konsomatè yo k ap ogmante pou opsyon dine ki an sante, fasil pou prepare ki rive devan pòt ou, anpil nan yo te kreye ak manje fre ki soti nan Finger Lakes. Fon pansyon eta a te investi prèske 8 milyon dola nan RealEats paske konpayi an ap jenere rezilta epi li montre gwo potansyèl pandan demann pou sèvis manje sou entènèt la ap ogmante. Nou fyè pou n ede biznis New York sa a elaji nan yon nouvo etablisman. Nap mete dola pansyon yo travay nan chak kwen nan eta nou an, pandan y ap jenere bon jan retou envestisman pou travayè piblik yo ka gen yon retrèt an sekirite."

**Komisè Agrikilti Eta New York (New York State Agriculture) la, Richard A. Ball, te deklare,** "RealEats se yon vitrin enkwayab sou divèsite ak kreyativite ke nou wè nan tout endistri agrikòl New York la. Mwen kontan dèske yo kontinye agrandi ak re- envante, RealEats pral sèvi ak manje New York nan manje yo, sa k ap ede sipòte kiltivatè yo ak pwodiktyè nou yo epi mete aksan sou sa ki pi bon nan sa eta nou an gen pou ofri. Mwen felisite RealEats pou gran ouvèti sa a nan Geneva, kè rechèch ak inovasyon nan manje, epi mwen pa ka tann yon gwo patenarya pou lavni."

**Senatè Eta, Pamela Helming, te deklare,** "Nou fyè dèske nou gen RealEats ki gen katye jeneral li nan Geneva ak nan 54èm Distri a. RealEats se yon istwa siksè ki bati sou inovasyon ak kolaborasyon. Pou Dan Wise ak ekip RealEats la, mèsì pou investisman kontinyèl nou nan rejyon Finger Lakes la ak patikilyèman pou angajman nou an vè kiltivatè lokal nou yo ak manje etonan yo pwodui. Mèsì a Vil Geneva, Cornell AgriTech ak Sant Ekselans pou Manje ak Agrikilti, Konte Ontario, Empire State Development ak tout moun ki te sipòte kwasans ak siksè RealEats. Finger Lakes se vrèman yon sant pou manje, bwason ak agribiznis. Ann kontinye grandi!"

**Manm Asanble Jeff Gallahan te deklare,** "Nouvo katye jeneral RealEats la se yon premye ilustrasyon endistri agro-biznis dinamik New York la. Bay opsyon repa dirab ak an sante, RealEats demontre nati divèsifye ekonomi agrikòl la. Non sèlman yo se yon kreyatè travay nan pwòp dwa yo, men RealEats sipòte travay agrikilti atravè Finger Lakes yo lè yo jwenn manje nan men kiltivatè lokal yo. RealEats te yon gwo adisyon nan Geneva epi mwen sèten nouvo katye jeneral sa a pral pèmèt yo kontinye grandi ak reyisi nan Konte Ontario."

**Mark Venuti, ki se Sipèvizè Vil Geneva, te deklare,** "Lè nou te tande RealEats te bezwen plis espas epi li t ap gade gwo bilding vid nan vil la, nou te sipòte li totalman. Nou te vle biznis k ap grandi sa a rete nan Geneva, kidonk vil la te dakò san ezite pou li te aplike a pou yon Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè (Community Development Block Grant) pou ede ak depans renovasyon li yo. Felisitasyon ak byenvini nan Vil Geneva."

**Senatè Eta a ki pran retrèt, Michael Nozzolio, Prezidan, LOCATE Finger Lakes te deklare,** "Real Eats se yon istwa siksè Finger Lakes ki otantik. Fondatè vizyonè li a ak PDG li Dan Wise te bati yon konpayi kreyatif ak inovan nan fè patenarya enpòtan ak Vil Geneva, Konte Ontario, New York Empire State Development, Sant Ekselans nan Cornell AgriTech ak ekosistèm pwodiksyon manje nan Finger Lakes ki dinamik ak divèsifye a. Atravè inisyativ Dan ak travay di, li menm ak ekip Real Eats li a te atire plizyè milye kliyan, pwodui dè milyon manje, ogmante plis pase 160 djòb epi pote yon nouvo apwòch teknoloji avanse ki dinamik pou pote manje ki an sante ki soti nan fèm fanmi Finger Lakes yo sou tab ki sèvi manje yo atravè Etazini."

**Ko-Prezidan Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la, Bob Duffy, Prezidan ak Direktè Egzekitif Chanm Komès Greater Rochester a, ak Denise Battles, Prezidan SUNY Geneseo, te deklare,** "FLREDC rekonèt ke endistri agrikòl ak pwodwi alimantè a ap chanje byen rapid, avèk konsomatè k ap mande pwodwi alimantè sen,

bon jan kalite, ki pwodwi onivo lokal. RealEats se kalite patenarya inovan ke konsèy la pran angajman pou sipòte, youn ki pral kreye travay ak opòtinite kwasans nan endistri enpòtan sa a pou ane k ap vini yo."

**Catharine Young, Direktris Egzekitif Sant Ekselans pou Manje ak Agrikilti (Center of Excellence for Food and Agriculture) nan Cornell AgriTech nan Eta New York, te deklare,** "Inovasyon RealEats ak angajman pou ekselans te fè yo apa sou mache a. Yo genyen yon plas sou tab moun yo nan yon gran pati nan Etazini, yo bay yon pakèt repa ki gen bon gou ak nourisan pou moun ak fanmi k ap chèche engredyan ki an sante, bon gou ak komodite. Konpayi an etabli tèt li kòm yon gwo anplwayè nan Finger Lakes ak yon lidè k ap vini nan sistèm agwo-alimantè New York la ki alimante djòb ak kwasans ekonomik, epi ki ranfòse fèm fanmi nou yo. Cornell fyè pou l travay avèk yo atravè Sant Ekselans, Food Venture Center ak Grow-NY, epi nou pa ka tann pou nou kontinye vin yon resous pou yo. Nou gen konfyans yo pral reyalize anpil siksè pandan y ap fleri epi grandi nan nouvo lokal yo."

**David Helgerson, Direktè Jeneral Investisman Ekite Dirèk nan Hamilton Lane, te deklare,** "RealEats se yon bèl egzant sipò kapital kwasans NYSCRF ap bay konpayi Nò Eta New York yo. Hamilton Lane kontan pou ede pèmèt ekspansyon kontinyèl RealEats nan etablisman fabrikasyon manje avanse sa a pou sipòte mouvman anvè preferans manje ki pi dirab, ki soti nan rejyon an epi ki pran an konsiderasyon lasante."

Pou plis enfòmasyon sou RealEats, vizite: <https://www.realeats.com/> oswa kontakte [support@realeats.com](mailto:support@realeats.com)

### **Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward**

Anons jodi a vin konplete pwogram "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou investi nan endistri kle, sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras ak yon investisman 500 milyon dola Eta a ap fè nan kad Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a. Investisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

### **Enfòmasyon sou Empire State Development**

Empire State Development (ESD) se prensipal ajans devlopman ekonomik New York ([www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov)). Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) la ak komèsyalizasyon "I LOVE NEW YORK", mak touris anblematik Eta a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov) ak [www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)